# KORRUPCIYA HÁM ONIŃ ALDIN ALIWDIŃ HUQIQIY TIYKARLARI

**Xalmuratov Muxammed**
Berdaq atındaǵı qaraqalpaq mámleketlik universiteti
E-mail: muxammedxalmuratov@gmail.com

**Annotaciya:** Korrupciya tusinigi oniń mámleket hám jámiyet rawajlanıwındaǵı unamsız tásiri. Korrupciyaǵa qarsı gúresiwde Ózbekstan Respublikasınıń huqıqıy mexanizimi hám bul boyınsha qabıl qılınǵan normativ huqıqıy hújjetler. Ózbekstan Respublikasınıń bul barada alıp barılıp atırǵan is ilajları nátiyjesindegi songı jillardaǵı statistikalıq maǵlumatlar haqqında qısqasha bayan etilgen.

**Gilt sózler:** Korrupciya, korrupciyalıq jınayatlar, korrupciyalıq jınayatlardıń aldın aldıwdıń huqıqıy mexanizimi.

**Abstract**: The concept of corruption, its influence on the development of the state of and society. The legal mechanism of fight against corruption of the Republic of Uzbekistan and the normative legal documents adopted in this regard. As a result of the measures taken by the by the Republic of Uzbekistan in this regard

**Keywords:** Corruption, Corruption Crimes, Legal mechanism of prevention of corruption crimes

Korrupciya dúnya koleminde sheshimin tabıw lazım bolǵan aktual mashqalalardan biri esaplanadı. Bul illet har qanday mámleket hám jamiyettiń sıyasiy ekonomikalıq rawajlanıwına tosıq boladı oǵan úlken zıyan jetkizedi, insan huqıq hám erkinliklerine zıyan jetiwine buzılıwına alıp keledi olardıń mámleket organlarına bolǵan isenimin joǵaltadı. Sol sebepli oǵan qarsı gures xalıqaralıq ahámiyetke iye bolıp jáhan sıyasatınıń zarur máseleleri qatarınan jay alǵan.

Korrupsiya illetiniń kelip shıǵıwi sebeplerin anıqlaw, korrupsiyaga qarsi gurestiń sapali jolların tabıw boyınsha qaniygeler, xalqaralıq shólkemler tárepinen birqansha izzertlewler alıp barılǵan. Degen menen hazirgi waqıtqa shekem buǵan qarsı guresiwge tásirli bolǵan unamlı optimal sheshim joq. Sonday eken har bir mámleket bul illetke qarsı gúresiw strategiyasın ózi belgileydi.

Usılardan kelip shıǵıp **2017 jil 3 – yanvar kuni 419-san “korrupciyaga qarsı gúresiw tuwrısında” ǵı Ózbekstan Respublikasınıń Nızamı** qabıl qılınıp korrupsiyaǵa qarsı guresiwdiń huqıqıy mexanizimi jaratılǵan. [82]

Bul nızamnıń 3 – statıyasında korrupciyaǵa baylanıslı huqıqbuzarlıqlarǵa baylanıslı túsinikler berilgen, Yaǵnıy korrupciya - shaxstıń óz lawazım yaki xizmet wakilliginen paydalanǵan halda shaxsiy máplerin yaki ózge shaxslardıń mápin gózlegen halda materiallıq hám materiallıq bolmaǵan máp koriw maqsetinde nızamǵa qarsı túrde paydalanıwı túsiniledi.

Usı nızam óz náwbetinde puqaralarǵa korrupsiya hám korrupsiyaǵa baylanıslı huqıqbuzarlıqlardıń ne ekenligin hám olardıń unamsiz aqibetleri haqqında maǵlumat beredi.

Mámleketimizde korrupsiyaga qarsı gúres tarawındaǵı mámleket sıyasatınıń tıykarǵı jónelisleri qılıp huqıqıy sana huqıqıy mádeniyatın jetilistiriw, jámiyette korrupsiyaǵa qarsı gúresiw mánásibetin qáliplestiriw, mámleket hám jamiyet ómiriniń barlıq tarawlarinda korrupsiyanıń aldın alıwǵa baylanıslı shara ilajların ámelge asırıw, korrupsiyaǵa baylanıslı huqıqbuzarlıqlardı óz waqtında anıqlaw, olarǵa shek qoyıw, olardıń áqıbetlerin, oǵan imkan beriwshi sebepler hám shart sharayatlardı saplastırıw, korrupsiyaga baylanıslı huqıqbuzarlıqlardı islegenlik ushın juwapkershiliktiń sózsizligi prinspin táminlew sıyaqlı wazıypalar kórsetip ótilgen.

Sonıda aytıp otiw kerek korrupsiyaǵa qarsı gúresiwde xalıqtıń huqıqıy sanası hám huqıqıy mádeniyatın jetilistiriw, jámiyette korrupsiyaǵa qarsı múnásibetti qáliplestiriw, mámleket organları hám basqa shólkemler xizmetkerleriniń huqıqıy

[82] www.lex.uz

sawatqanlıǵın asırıw, tálim mekemelerinde korrupsiyaǵa qarsı gúresiw tarawındaǵı huqıqıy tálim hám tarbiya maseleleri búginniń zárur wazıypalarinan biri esaplanadı.

Korrupsiyanıń aldın alıw boyınsha unamlı nátiyjege erisiw ushın huqıqıy madeniyatti jetilistiriw menen birgelikte juwapkershilik máselelerine hámde onıń aldın alıwda járdem bergen shaxslardıń xoshametlewgede itibar qaratıw lazım.

Sol sebepli **Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabiynetiniń 2020 jil 31 dekabrdegi 821 –san korrupsiyaǵa baylanıslı huqıqbuzarlıq haqqında xabar bergen yaki korrupciyaǵa qarsı gúreste basqasha tarizde járdem bergen shaxslardı xoshametlew tuwrısındaǵı Qararı** qabıl qılınǵan.[83]

Bul qararda puqaralar yaki puqaralıǵı bolmaǵan shaxslar tarepinen ózlerine qarata para talap qılınǵan lawazımlı shaxs haqqında yaki ózlerine belgili bolǵan korrupciyaǵa baylanıslı huqıqbuzarlıq tuwrısında korrupciyaǵa qarsı guresiwshi organlarǵa bergen xabarı tıykarında bunday huqıqbuzarlıqtıń anıqlanıwı,

Mámleketlik emes komersiyalıq shólkem, mámleketlik organlar yaki puqaralardıń ozin ozi basqarıw organınıń lawazımlı shaxsı tárepinen ózlerine usınılǵan para huqıqbuzarlıǵı haqqında onıń aldın alıp xabar bergenligi ushın bir mártelik pul menen xoshemetlew ilajlarınında ámelge asırıwdı aytıp ótiw maqsetke muwapıq boladı.

Statistikalıq maǵlumat retinde korrupciyalıq jınayatlardıń biri para alıw 2019 jıldaǵıǵa qaraǵanda 2021 jıl bul jınayat aqırǵı úsh jılda 50 procentke kemeygen.

Bunnan korinip turǵanınday korrupciyaǵa qarsı gúresiwde, onıń aldın alıwda mámleketimizde qatań turde is ilajlar ámelge asırılıp atırǵanlıǵın kóriwimiz mumkin.

## PAYDALANILǴAN ADEBIYATLAR: (REFERENCES)

**1.** 2017 jil 3 – yanvar kuni 419-san "korrupciyaga qarsı gúresiw tuwrısında" ǵı Ózbekstan Respublikasınıń Nızamı

**2.** Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabiynetiniń 2020 jil 31 dekabrdegi 821 –san Qararı

Lex.uz

[83] www.Lex.uz